



TI LIV POU

# IMIGRAN, IMIGRAN AK REFIJYE

**MigraRe**

PROGRAMA MUNICIPAL DE ATENÇÃO E PROMOÇÃO AOS DIREITOS HUMANOS DE IMIGRANTES, MIGRANTES E REFUGIADOS

PWOBGRAM MINISIPAL KI BAY ATANSYON E KI PWOMOUWVA  
DWAZIMEN IMIGRAN, MIGRAN AK REFLJYE

PREFEITURA DE  
**AMERICANA**  
INTELIGENTE E HUMANA

Secretaria de  
Assistência Social  
e Direitos Humanos

PREFEKTI AMERICANA: ENTÈLIJAN EPI IMEN  
Sekretarya asistans sosyal ak dwazimen



# MIGRE SE YON AK KI PWÒP A KONDISYON IMÈN

Kite peyi w, fanmi w ak zanmi w pou w rekòmanse nan yon nouvo peyi ka jenere sitiyasyon ke sèlman moun ki pase pa yo ka konprann. Kèlkeswa peyi orijin ou, ou byenvini nan Brezil epi yo pa ka fè diskriminasyon kont ou. Kèlkeswa sitiyasyon ou ak imigrasyon , ou gen dwa pou jwenn aksè a ledikasyon, lasante, asistans sosyal, sèvis prevansyon sosyal ak politik, pami anpil lòt. Otomatikman ke ou remake ke dwa w yo ap inyore, sonje ke gen lwa ki garanti yo nan Brezil



## Konstitisyon Federal 1988

Lwa ki pi wo ak ki pi fondamantal nan peyi a detèmine ke tout moun egal devan dwa san okenn distenksyon de nenpòt nati, pandan li ap garanti brezilyen ak etranje ki abite nan peyi a envyiolabilite dwa a lavi, libète, egalite ak pwopriyete.

## Dekrè n° 6.975/2009

Akò rezidans pou sitwayen Eta ki fè Pati yo, Mercosur ak Asosye (valab pou Ajantin, Paragwe, Irigwe, Perou, Ekwatè, Kolonbi, Bolivi ak Chili).

## Lwa n° 13.445/2017

Lwa Migrasyon - Sou dwa ak e obligasyon imigran yo

## Dekrè n° 9.199/2017

Regle lwa migrasyon (n° 13.445/2017)

## Lwa n° 9.474/1997

Defini mekanism pou enplemantasyon Estati Refijye yo. Yon imigran ka solisite refij si vi li oubyen libète li menase akoz ras, relijyon, nasionalite, gwoup sosyal, opinyon politik oubyen seryez vyolasyon jeneralize dwa zimen.

## Dekrè Minisipal n° 12.979/2022

Enstitye MigraRe - Pwogram Minisipal ki bay Atansyon ak Pwomosyon nan sa ki gen pou wè ak Dwa Zimen Imigran yo, Migran ak Refijye.

## Lwa n° 11.340/2006 (Lwa Maria da Penha )

Kreye mekanism pou kwape vyolans domestik ak familyal kont medam yo

## Lwa n° 7.716/1989

Klasifye krim ki gen pou wè ak prejije ras oubyen koulé

OU GENYEN DISPONIB POU OU

# GOUVÈNMAN AK SOSYETE SIVIL

## **CRAS Mathiensen**

Ri Pica-Pau, 80 - Jardim dos Lírios  
(19) 3407-2770 - crasvm@americana.sp.gov.br

## **CRAS Praia Azul**

Ri Maranhão, 1.595 - Praia Azul  
(19) 3467-2256 - craspa@americana.sp.gov.br

## **CRAS Jardim Nossa Senhora Aparecida**

Ri Caetano de Campos, nimewo -  
Jd. N. Sra. Aparecida  
(19) 3469-2339 - crasnasa@americana.sp.gov.br

## **CRAS São Jerônimo**

Ri Carlos Vassalo, 370 - São Jerônimo  
(19) 3462-7151 - crassj@americana.sp.gov.br

## **CRAS Guanabara**

Ri de Tijuca, 182 - Jardim Guanabara  
(19) 3407-8002 - crasguanabara@americana.sp.gov.br

## **CRAS São Manoel**

Ri São Thiago, 320 - São Manoel  
(19) 3468-6103 - crassmanoel@americana.sp.gov.br

## **Sant referans espesyalize nan zafè**

### **Asistans Sosyal - CREAS**

Ri Antônio Feliciano Castilho, 594 - Vila Amorim  
(19) 3475-3400 - creas@americana.sp.gov.br

## **Enskripsyon Inik**

Ri Dom Pedro II, nº 25 - Centro - CEP: 13465-040  
(19) 3471-6220 - cadunico1@americana.sp.gov.br

## **SASDH – Secretaria de Assistência Social e Direitos Humanos (Sekretarya Asistans Sosyal ak Dwazimen)**

Ri Poncianas, 1.225  
Jd. Glória - CEP: 13468-180  
Orè fonksyònman: 7h30 pou rive 16h30  
Telefòn: (19) 3471-6770  
acaosocial@americana.sp.gov.br

## **PAT – Posto de Atendimento ao Trabalhador (Pòs pou bay travayè yo sèvis)**

Ri Anhanguera, 16 - Centro  
Orè fonksyònman: 8h pou rive 12h epi 13h pou rive 16h  
Telefòn (19) 3461-0289

## **Ministério Público do Estado de São Paulo (Ministè Piblik Eta São Paulo)**

Ri Cristóvão Colombo, 233  
Parque Res. Nardini, CEP 13468-290  
Orè fonksyònman: 9h pou rive 19h  
Telefòn: (19) 3462-1429

## **Vara do Juizado Especial Cível e Criminal (Tribunal espesyal sivil ak kriminèl)**

Ri Capitão Sebastião Antas, 113, 119 09  
Pouwva Jid.  
Telefòn: (19) 3407-8399

### **OAB Americana**

Ri Cristóvão Colombo, 155  
Parque Res. Nardini, CEP 13465-000  
Orè fonksyònman: 8h pou rive 19h  
Telefòn: (19) 3461-5181

### **Delegacia da Polícia Federal**

#### **(Pòs Polis Federal ) - Piracicaba**

Ri Liberato Macedo, 82, Bairro São Dimas  
Orè fonksyònman: a pati 10h (rezévasyon dwe fèt sou entènet -Polis Federal)  
Adrès: Av. Limeira, 722  
Areião, Piracicaba/SP, 13414-900  
Orè fonksyònman: 10h pou rive 17h  
Telefòn: (19) 3301-5215

### **Pólicia Federal (Polis Federal ) - Campinas**

Ri Dr. Antônio Álvares Lobo, 620 - Botafogo,  
Campinas/SP, CEP 13020-110  
Orè fonksyònman: 8h pou rive 18h  
Telefòn: (19) 3345-2200

Adrès: Rodovia Santos Dumont, 66 - Cambuí,  
Campinas/SP, CEP 13052-970, 8h pou rive 18h  
(Andedan Parque das Bandeiras Shopping)

### **GAMA - Guarda Municipal de Americana**

#### **(Gad Minisipal Americana)**

Avni Bandeirantes , 2.100 - Colina  
CEP 13465-390  
WhatsApp: (19) 3461-8631 or 153

### **DDM (Delegacia da Mulher (Pòs Polis pou fanm)) and Central da Polícia Judiciária (Sant Polis Jidisyè)**

Ri São Vito, 1.675 - Santa Cruz  
CEP 13477-350  
Orè fonksyònman DDM - de lendi a vandredi soti depi 09:00 pou rive 18:00

Telefòn: (19) 3462-1079

Orè fonksyònma Policia Judiciária - 24h

Telefòn: (19) 3406-8754 or (19) 3461-9787 ( Polis Jidisyè)

### **Conselho Tutelar (Konsèy Titelè)**

Ri Dom Pedro II, 25 - Conserva  
CEP 13465-040  
Orè fonksyònman: 8h pou rive 17h  
Telefòn: (19) 3471-6220

### **Prefekti Americana**

Avni Brasil, 85 - Jardim Girassol  
CEP 13465-901  
Orè fonksyònman: 9h pou rive 16h  
Telefòn: (19) 3475-9000

### **Receita Federal (Resèt Federal)**

Ri Sete de Setembro, 633 - Centro  
CEP 13465-320  
Orè fonksyònman: 8h pou rive 12h  
Telefòn: (19) 3621-0800

### **Ministério do Trabalho (Ministè Travay)**

Ri Padre Manoel da Nóbrega, 121  
Vila Santa Catarina, CEP 13466-321  
Telefòn: (19) 3461-8468

### **Konsila**

Anplis enstitisyon sa yo, raple nou ke konsila ak anbasad peyi nou nan Brezil ka ofri asistans ak lòt enfòmasyon



# KISA OU DWE FÈ POU REGILARIZE DOKIMAN OU YO

## CPF – Cadastro de Pessoa Física (Enskripsypn Pèsonn Fizik)

Dokiman ki fasilite aksè a sèvis publik yo. Li nesesè pou louvri kont labank ak fè tranzaksyon finansye tankoulwe imèb. Pou emèt CPF ou a, ou dwe ale sou sitwèb <http://bit.ly/cpfreceitafederal> epi ranpli fòm nan. Minè ki poko gen 16 an dwe ale ak paran yo oswa gadyen legal yo pou bay dokiman an. Nan ka dout, rele 146 (Pri apèl ki fèt ak telefòn selilè oswa liy fiks yo se responsablitè itilizatè a dapre tarif lokal yo) oswa ale nan youn nan enstitisyon ki asosye yo: Banco do Brasil ak Correios, frè R\$ 7.00.



## Ki dokiman ki nesesè pou solisite CPF la?

Moun ki gen plis pase 18 an dwe prezante dokiman idantifikasyon orijinal oswa ypon kopi ki legalize, ki kapab pwotokòl pwovizwa oswa RNM. Moun ki poko gen 18 an dwe prezante orijinal oswa kopi legalize dokiman idantifikasyon youn nan yo paran oswa responsab la. Nan nenpòt ajans Resèt Federal, sou peman yon frè, epi yo pral emèt dokiman an an menm moman ke ou fè demand lan.

Ou ka jwenn adrès antite publik ki asosye yo sou sitwèb [www.receita.fazenda.gov.br](http://www.receita.fazenda.gov.br) oswa nan adrès Resèt Federal Service - R. Sete de Setembro, 633 - Centro.

Pou plis enfòmasyon, aksede website  
[www.receita.fazenda.gov.br](http://www.receita.fazenda.gov.br)

## CTPS – Carteira de Trabalho e Previdência Social (Kat travay ak Previdans Sosyal)

### Ki dokiman ki nesesè pou CTPS la?

foto ki fèt nan fòma 3cmx4cm, koulè fon foto a dwe blan, an koulè oubyen an nwa e blan, foto yo dwe sanble e yo dwe resan; Rejis Nasyonal Migratwa (RNM) orijinal akonpanye de kopi (devan tankou dèyè) oubyen PwotoKòl Solisitasyon RNM (orijinal ak kopi).



### Ki kote ou kapab solisite CTPS la?

Moun ki enterese pou genyen Kat Travay ak Previdans Sosyal dwe dirije li a Sipè entandans Rejyonal Travay ak Anplwa(SRTE) oubyen a Jesyon Rejyonal ki pi pre rezidans ou, ak tout dokiman ki nesesè yo nan men. Ou ka jwenn enfòmasyon sou kote estasyon sèvis yo ye lè w rele 158 nan Santral Sèvis Alô Trabalho.

Etranje ki te deja rekonèt kòm refijye yo dwe prezante tou yon kopi desizyon an oswa lèt ofisyèl ki soti nan CONARE ki pwouve rekonesans estati refijye a.

### Kisa CTPS la ye epi kiyès ki ka solisie li?

Kat Travay ak Previdans Sosyal (CTPS) se dokiman ki pwouve tout karyè travayè a. Dokiman sa a obligatwa pou egzèse aktivite pwofesyonèl epi yo ka mande nenpòt moun ki gen plis pase 14 ane, nasyonal oswa etranje, ak rezidans regilye nan Brezil.

**Nan ka dout ak lòt enfòmasyon, rantre an kontak ak Santral Sèvis Alô Trabalho sou nimewo 158.**

Ministè Travay - R. Padre Manoel da Nóbrega, 121 - Vila Santa Catarina, Americana/SP, 13466-321

## RNM – Registro Nacional Migratório (Rejis Nasional Migratwa)

### Ki kote mwen kapab renouvre oubyen solisite RNM pou premye fwa?

Moun ki ap mande refijye ki gen kondisyon refijye ke Brezil rekonèt gen dwa pou genyen Rejis Nasional Migratwa, dokiman idantite etranje yo nan Brezil. Emisyon ak renovasyon RNM nan fèt nan nenpòt inite Polis Federal. Rete atantif a dat ekspirasyon RNM ou. Renovasyon RNM an dwe fèt twa mwa anvan eksipirasyon ansyen rejis la, nan nenpòt inite Polis Federal.

Dokiman lalwa garanti refijye yo se Rejis Nasional Migrasyon (RNM), Enskripsyon moun fizik (CPF), Kat Travay (CTPS) ak yon dokiman vwayaj.

Tout dokiman sa yo gen menm validite ak dokiman sitwayen brezilyen yo ak lòt etranje ki an règ ak imigrasyon e yo dwe aksepte pa tout enstitusyon publik ak prive nan peyi a. Si yon enstitusyon publik oswa prive pa aksepte nenpòt nan dokiman ou yo, ou kapab kontakte epi mande sipò nan men Biwo Defansè Piblik Inyon an, UNHCR oswa òganizasyon sosyete sivil k ap travay ak refijye yo

- Antônio Vieira Asosyasyon (ASAV), Caritas Achidiosèz Rio de Janeiro (CARJ), Caritas Achidiosèz of São Paulo (CASP), Sant pou Defans Dwa Moun nan Guarulhos (CDDH) ak Enstiti Migrasyon ak Dwa Moun (IMDH). (devan ak dèyè) oswa pwotokòl solisitasyon RNM (oriinal ak kopi).

### Pazapa pou solisite sitiayson refij

1 - Fè enskripsyon nan Sisconare lyen <https://www.gov.br/mj/pt-br/assuntos/seusdireitos/refugio/sisconare> platfòm ki jere pwochè refij nan Brezil.

2 - Ou dwe genyen yon e-mail ki valid. Si ou pa genyen, ou dwe kreye yonn. Konsa, ou va resevwa yon mesaj pa email pou kreye modpas Sisconare.

**Atansyon: etap sa a trè enpòtan! Enskri nan Sisconare epi tcheke si ou te resevwa yon mesaj konfirmasyon pa imel epi swiv enstriksyon yo pou mete modpas ou.**

3 - Pwotokòl solisitasyon refij (sèlman pou moun kap fè solisitasyon RNM premye fwa); Kat idantite etranje oriinal (sèlman pou moun ki vle renouvre RNM yo); Deklarasyon CONARE ki rekonèt estati refijye nan Brezil

4 - Prèv pèman taks GRU-FUNAPOL.  
\*ATANSYON: nan ka AKÈY IMANITÈ ak REFIJ pa gen okenn taks pou peye.

\*ATANSYON: nan ka RESEPSYON IMANITÈ pa gen okenn taks pou peye

Parèt nan Depatman Polis Federal la epi solisite ajans sa a pou emèt deklarasyon CONARE konsènan estati refijye. Lapolis Federal dwe fè demann sa a pa imel conare@mj.gov.br.

Ranpli demand lan nan sitwèb Polis Federal la: [www.dpf.gov.br](http://www.dpf.gov.br) (nan espas "Estrangeiro", klike sou "Requerer registro/renovação").

Minisipalite Americana pa genyen syèj da Polis Federal, Sèvis la dwe fèt nan syèj ki pi prè yo:

### Campinas

Ri Dr Antônio Álvares Lobo, 620 - Botafogo,  
Campinas - SP, 13020-110  
Orè fonksyònman: 8h pou rive 18h  
Telefòn: (19) 3345-2200  
Rodovia Santos Dumont , 66 - Cambuí  
Campinas - SP, 13052-970  
Orè fonksyònman: 8h pou rive 18h (andedan Parque das  
Bandeiras Shopping)

### Piracicaba

Ri Liberato Macedo, 82 - São Dimas  
Li kòmanse bay sèvis a pati10h (ou dwe fè rezèvasyon sou  
sit web - Polis Federal) - Solisitasyon: Migrasyon  
Polis Federal  
GRU (GID KOLEKSYON INYON AN); GRU POLIS FEDERAL  
IMIGRASYON ORÈ FONKSYÒNMAN :8h pou rive 11h30 epi  
14h pou rive 17h  
e-mail: ure.pca.sp@pf.gov.br/migraçao.pca.sp@pf.gov.br  
Telefòn: 019 3301-5201 / branch 5212 or 5229

Fè pèman taks GRU-FUNAPOL pou etranje: disponib sou sitwèb Polis Federal ([www.dpf.gov.br](http://www.dpf.gov.br)); Parèt  
nan yon inite Polis Federal epi prezante dokiman sa yo:

- Ranpli fómilè demand lan sou sit entènèt Polis Federal la epi enprime li pou pote li;
- Pwotokòl demann refij la (sèlman pou moun k ap aplike pou RNM pou premye fwa);
- Kat idantite etranje oriijinal (sèlman pou moun ki vle renouvre RNM)
- Deklarasyon CONARE ki rekonèt estati refijye nan Brezil;
- Prèv peman frè GRU-FUNAPOL.

**\*ATANSYON: Nan ka RESEPSYON IMANITÈ ak REFIJYE yo Gid Koleksyon Inyon – GRU pa touche okenn frè**

## Paspò

Daprè Polis Federal, moun nan ki pa brezilyen dwe vwayaje pandan li ap itilize paspò peyi li.

Sepandan, nan ka eksepsyonèl, yo ka bay yon paspò a yon imigran oswa moun ki satisfè youn nan kondisyon sa yo:

- Sitwayen peyi ki pa gen relasyon diplomatik ak Brezil.
- Sitwayen peyi ki pa gen pòs sèvis (biwo, repatisyon konsilè, etc.) nan Brezil.
- Gen dokiman ki pwouve negatif konsila oswa biwo pou emèt paspò, ak bezwen ijan pou vwayaje.
- Gen dokiman ki pwouve negatif konsila oswa biwo pou emèt paspò, ak bezwen ijan pou vwayaje.
- Refijye (li pa aplikab nan ka moun ki ap solisite refij, ki dwe ranpli kèk nan lòt kondisyon yo).
- Apatrid (san nasyonalite) oswa gen nasyonalite endefini.
- Moun ki pran azil.



## Paspò pou Etranje

### **Mwen bezwen vwayaje deyò, men mwen pa genyen paspò. Kòman mwen dwe fè?**

Pou vwayaje, refijye a dwe mande yon otorizasyon nan men CONARE epi, avèk deklarasyon sa a nan men, solisite yon paspò nan Polis Federal la. Paspò sa a ka gen validite limite a yon vwayaj ale oswa yon peryòd espesifye, si Lapolis la etabli sa. An jeneral, Polis Federal kolekte paspò a lè refijye a retounen soti nan vwayaj li te solisite a.

#### PAZAPA:

Rantre an kontak ak CONARE sou telefòn (61) 2025-3659 oswa sou e-mail conare@mj.gov.br pandan wap solisite yon otorizasyon vwayaj pou eksteryè, pandan wap enfòme peryòd la, motif la ak destinasyon vwayaj la.

Se sèlman aprè otorizasyon nan men CONARE, refijye a dwe solisite pou yo emèt paspò pou etranje nan Polis Federal la ([http://www.dpf.gov.br/serviços/ passaporte-para-estrangeiro](http://www.dpf.gov.br/serviços/passaporte/ passaporte-para-estrangeiro)) pou apresa fè aranjman pou emisyon tikè avyon ou a.

Peye taks GRU-FUNAPOL pa mwayen bòdwo ki jenere sou sitwèb Polis Federal la; ale nan sant sèvis ki endike nan fen demand lan, prezante prèv peman taks a, dokiman idantite ak CPF

#### **ATANSYON: REFIJYE KI SÒTI NAN PEYI A SAN OTORIZASYON DAVANS CONARE AP PÈDI KONDISYON REFIJYE**

*Nan ka dout epi pou plis enfòmasyon, rantre an kontak ak Polis Federal sou **nimewo 194** oswa aksede <https://www.gov.br/pf/pt-br>*

## Residans Pèmanan

### Kiyès ki ka solisite Rezidans Pèmanan?

Refijye oswa moun ki pran azil nan Brezil ka mande rezidans pèmanan nan nenpòt inite Polis Federal la si yo satisfè omwen youn nan kondisyon ki anba yo:

- Rezide nan Brezil pou omwen 4 (kat) ane, kòm yon refijye oswa moun ki pran azil (daprè Rezolisyon Nòmatif No 91, nan 10 novanm 2010 nan CNIG la); oswa
- Se pwofesyonèl ki kalifye epi ki gen kontra ak yon enstitisyon ki enstale nan peyi a; oswa
- Etabli ak yon biznis ki soti nan envestisman kapital pwòp, ki satisfè objektif Rezolisyon Nòmatif No 84 Konsèy Nasyonal

#### PAZAPA (PREMYÈ ETAP):

1. Ranpli fòm aplikasyon an sou sitwèb Ministè Jistis la:

<https://www.gov.br/pt-br/servicos/registrar-se-como-estrangeiro-no-brasil>:

2. Peye frè GRU-FUNAPOL pou etranje, ki disponib sou sitwèb Polis Federal la: [www.dpf.gov.br](http://www.dpf.gov.br);
3. Ale nan yon inite Polis Federal epi prezante dokiman sa yo:
  - » Fòm aplikasyon ranpli sou sitwèb Ministè Jistis la;
  - » Orijinal ak kopi legalize, otantifye MRI a;
  - » Sètifikasi antedesan kriminèl delivre pa Enstiti Idantifikasiyon Sekirite Piblik Eta kote w rete a;
  - » Orijinal ak kopi legalize, otantifye Kat Travay la (CTPS);
  - » De foto nan gwochè 3 cm x 4 cm, ak background blan, ki gen koulè, fwontal( vizaj ou), egal, resan ak san dat);
  - » Kopi prèv rezidans (kont dlo, elektrisite oswa bòdwo telefòn fiks oswa telefòn mobil, oswa deklarasyon pwopriyetè kay kote moun nan abite a, ki sètifye ke li abite nan pwopriyete a);
  - » Deklarasyon absans nan Brezil, ki espesifye dat sòti ak rantre nan teritwa nasyonal la, ak destinasyon respektif yo ak rezon;
  - » Prèv peman frè GRU/FUNAPOL.

4. Anplis dokiman ki endike anwo yo, etranje a ka prezante tou, nan nenpòt etap nan pwosesis la, lòt dokiman ki, byenke li pa obligatwa, ka itil:

- » Prèv enskripsyon ak randman eskolè;
- » Diplòm ak/oswa Sètifikasi Fòmasyon ak Curriculum Vitae;
- » Sètifikasi antedesan peyi orijin nan ka reyinyon fanmi ak lòt dokiman ki site nan òdonans la;
- » Prèv revni;
- » Kopi sètifye/legalize dokiman vwayaj la, ki klè epi konplè.

5. Swiv pwosesis la sou sitwèb [www.mj.gov.br](http://www.mj.gov.br) oswa dirèkteman nan Polis Federal la.

### PAZAPA (DEZYÈM ETAP):

Si repons lan pozitif, epi apre publikasyon Ki anonse ke demann lan akòde nan jounal ofisyèl Inyon an, moun nan ki enterese a dwe swiv etap sa yo:

1. Fè pèman de frè GRU-FUNAPOL pou etranje ki disponib sou sitwèb Polis Federal la: [www.dpf.gov.br](http://www.dpf.gov.br).

2. Ale nan inite Polis Federal la epi prezante dokiman sa yo:

- » Fòmilè demand lan ranpli sou sitwèb Ministè Jistis la;
- » De foto nan fòma 3x4, ak fon blan, foto yo dwe an koulè, se vizaj ou ki dwe parètnan foto yo, yo dwe egal, resan epi san dat;
- » Kopi sètifye/legalize paj aktyalize paspò valab la(si w genyen youn);
- » Kopi sètifye/legalize ki pwouve dat ou rantre Brezil (si w genyen youn);
- » Kopi Jounal Ofisyèl kote yo te pibliye apwobasyon pwosesis pèmanans lan (disponib sou sitwèb: [www.in.gov.br](http://www.in.gov.br) la). Nan ka repiblikasyon, prezante tou kopí jounal ofisyèl la ak premye publikasyon an;
- » Original ak kopí sètifye/legalize RNM oswa Pwotokòl la; » Prèv peman tou de frè yo.

### ATTENTION

1. Etranje ki poko gen 18 an dwe akonpaye pa paran yo responsab legal yo;

2. Si etranje ki te jwenn Rezidans Pèmanan an absan nan teritwa nasyonal la pou plis pase 02 (de) ane san entèripsyón, l ap pèdi pèmanans li epi yo pral anile enskripsyon li ak Kat Idantite Etranje (RNM ).

# SOLISYON DIRAB

Genyen 3 tip solisyon dirab

**ENTEGRASYON LOKAL**

**REPATRIYASION  
VOLONTÈ**

**REALOJMAN**

Pa genyen yon erachi ant solisyon dirab yo, len konplete lòt e, si yo aplike ansanm, yo ka debouche sou yon estrateji entegral e viyab pou rezoud sitiyasyon refijye yo.

Tou swit aprè, ou pral konprann kijan yo chak fonksyone.

**ENTEGRASYON LOKAL**

Entegrasyon lokal se yon pwosesis konplèks e gradyèl ki fèt lè refijye a gen aksè a mekanis ensèsyon kiltirel, sosyal, ekonomik, kominotè, travay, jiridik ak edikasyon, ki pèmèt ke refijye a oto-sifizan epi li jwi nan yon fason efikas dwa fondamantal li yo nan peyi kote li refijye a.

Nou pral vini touswit aprè ak sèvis epi opòtinite ki disponib pou refijye nan Brezil

## Edikasyon



Kalandriye eskolè Brezil la kòmanse nan mwa fevriye epi li fini an desanm. Nan mwa Jiyè a gen tou yon kout vakans, sòti nan 2 a 3 semèn. Tout timoun ak adolesan gen dwa pou yo enskri nan lekòl primè ak segondè piblik yo gratis, san konte moun k ap chèche refij ak refijye. Lwa brezilyen an sou refij garanti otorite brezilyen yo pran an konsiderasyon sitiyasyon eksepsyonèl kote refijye yo nan peyi Brezil twouve yo e, pou sa, pral fasilité antre nan enstitisyon edikasyonèl moun ki pa gen diplòm oswa dosye lekòl yo.

Se poutèt sa, chak timoun oswa adolesan k ap chèche refij oswa refijye gen dwa pou enskri nan nenpòt lekòl piblik , moun nan ap jis genyen pou prezante CPF ou ak pwotokòl pwovizwa oswa RNM. Refijye yo kapab enskri tou nan kou teknik ak pwofesyonèl ki disponib, li sifi ke w peye frè yo, atravè enstitisyon Gouvènman oswa Sistèm S la (SESI, SESC, SENAC, SENAI), pami anpil lòt. UNHCR gen patenarya ak plizyè inivèsite nan peyi a atravè Chè Sérgio Vieira de Mello. Pwojè Chè yo konsantre sou ansèyman ak rechèch sou Lwa Entènasyonal Refijye yo, men tou sou kreyasyon inisyativ ke refijye yo benefisyè direkteman. Gen kèk inivèsite brezilyèn ki ofri plas espesyal pou refijye yo nan kou edikasyon siperyè. Pou plis enfòmasyon sou inivèsite sa yo, kontakte UNHCR oswa òganizasyon sosyete civil yo mansyone pi wo a.

*Edikasyon, dwa tout moun ak devwa Leta ak fanmi an, pral ankouraje ak ensantive kolaborasyon ak sosyete a, pandan lap vize developman konplè moun, preparasyon li pou fè egzèsis sitwayènte ak kalifikasyon li pou travay. (Konstitisyon Federal 1988, art. 5o).*

## Sante

Lejislasyon brezilyen asire ke sèvis yo nan Sistèm Sante Inifye (SUS) yo inivèsèl, gratis ak aksè egal pou tout moun ki prezan nan teritwa brezilyen an. Tout sitwayen, pam yo moun k ap mande refij ak refijke gen dwa pou yo jwenn sèvis nan nenpòt inite sante publik. Pou fè sa, ou dwe prezante CPF ou ak pwotokòl pwovizwa oswa RNM ou nan nenpòt lopital, klinik oswa sant sante epi mande Kat SUS ou. Kat sa a gratis epi li kapab itilize nan nenpòt inite sante publik sou teritwa nasyonal la. Nan Brezil, paran yo gen yon obligasyon pou bay timoun yo vaksen. Timoun moun k ap mande refij ak refijke yo ka jwenn vaksen gratis nan sant sante publik yo. Pou konnen ki vaksen ptit ou a ta dwe pran, konsilte kalandriye vaksinasyon an nan sant sante vil ou a.

*"Lasante se dwa tout moun e se devwa Leta, garanti atravè politik sosyal ak ekonomik ki vize pou diminye risk maladi ak lòt dega ak aksè inivèsèl e egalite nan aksyon ak sèvis pou pwomosyon, pwoteksyon ak rekiperasyon". (Konstitisyon Federal 1988, Atik 1996).*



## Travay



Nan Brezil, moun k ap mande refij ak refijke yo gen dwa a Kat Travay (CTPS) e avèk li yo ka travay legalman nan peyi a, ak menm dwa ak nenpòt lòt travayè brezilyen. Moun k ap mande refij ak refijke ki vle plis enfòmasyon sou mache travay la, kou pwofesyonèl, asirans chomaj ak pòs vid ki disponib yo ta dwe chèche yon Sant Asistans Travayè (CAT) nan vil kote y ap viv la. Nan zòn kote òganizasyon patnè UNHCR egziste, moun k ap mande refij ak refijke yo ka chèche enfòmasyon tou sou akò espesyal ki egziste ak konpayi prive

## Asistans Sosyal

*"Asistans sosyal la se yon politik publik, ki pa pote kontribisyon bay leta, ki sou responsabilite Leta ak dwa sitwayen an, epi ki rann efektif pwoteksyon sosyal, atravè garanti minimòm sosyal yo , ki baze sou patenarya ant pouvwa publik la ak sisyete civil la". (Konstitisyon Federal 1988, nan atik 203 ak 204).*

Anpil moun ki deja tande pale de sig CRAS toujou pa konnen sa sa vle di ak tout gwo enpòtans Sant Referans Asistans Sosyal yo genyen nan lavi moun ak fanmi ki sou teritwa brezilyen an.

CRAS gen karakteristik kòm pòtay prensipal la nan SUAS - Sistèm Inik Asistans Sosyal epi pèmèt fanmi yo jwenn aksè a rezo pwoteksyon sosyal la. Se lokal publik ki ofri Sèvis Pwoteksyon ak Asistans pou moun ak fanmi yo - PAIF, ki se travay sosyal ak fanmi yo, sou yon baz kontinyèl, nan objektif pou ranfòse fonksyon pwotektfif fanmi yo, anpeche ripti lyen yo, ankouraje aksè yo, jwi dwa yo epi kontribye nan amelyorasyon nan kalite lavi yo.

CREAS - Sant Referans Espesyalize pou Asistans Sosyal, se etablisman publik ki ofri Sèvis Pwoteksyon ak Asistans Espesyalize pou Fanmi ak Endividé (PAEFI), ki travay nan sa ki gen pou wè ak sipò, oryantasyon ak akonpayman pou fanmi ak moun ki nan sitiyasyon menas oswa vyolasyon dwa yo, pandan li ap atikile sèvis asistans sosyal ak divès politik publik yo ak ògàn nan sistèm garanti dwa yo.

### Ki diferans ki genyen ant CRAS ak CREAS?

Li enpòtan pou nou konnen ke, menm si CRAS ak CREAS (Sant Referans Espesyalize nan Asistans Sosyal) ta va sanble, chak inite devlope yon wòl diferan nan pwoteksyon sosyal fanmi yo.

CRAS responsab pou prevansyon sitiyasyon vilnerabilite sosyal ak risk nan teritwa yo. CREAS, yon lòt bò, fè fas ak konsekans yo epi akonpanye fanmi yo ak moun ki te deja gen dwa yo vyole.

## Asistans Legal

Lejislasyon brezilyen garanti ke tout moun ki pa gen mwayen pou anboche yon avoka epi peye depans pou yon pwose jidisyè gen dwa a asistans legal gratis. Nan peyi Brezil, Biwo Defans Piblik la se òganis ki responsab pou ofri oryantasyon legal epi aji kòm avoka pou moun ki pòv ki pa gen mwayen pou depans sa yo. Moun ki ap solisite refij ak refijye yo gen dwa tou pou yo jwenn èd pa Defansè Piblik yo. Biwo Defans Piblik la prezan nan tout eta Brezil ak nan pifò gwo vil yo epi li divize an Biwo Defansè Piblik Eta a ak Biwo Defansè Piblik Inyon an.

### **Kiyès pou ou chache an fonksyon de pwoblèm ou an:**

#### **Biwo Defans Piblik Inyon an**

Nenpòt dout oswa mekontantman ak demann ou pou refij, dokimantasyon, retrèt, dwa etranje nan Brezil, aksè a benefis ki gen pou wè asistans ak si ou se yon akize nan pwose kriminèl pou krim ki gen konpetans ak Jistik Federal la, tankou, pa egzanp, alsifikasiyon paspò oswa dokiman idantite, oswa nan pwose ekstradisyon ak ekspilsyon.

#### **Biwo Defans Piblik Eta**

Nenpòt dout oswa mekontantman ak zafè ki gen rapò ak lojman, lwave, divòs, pansyon pou manje, gad minè, envantè, envestigasyon patènite, konpansasyon ak si ou se yon akize nan yon pwose kriminèl pou krim ki gen pou wè ak konpetans Jistik Eta a, tankou, pa egzanp, touye moun, vòl, detounman fon, vyòl, elatriye

## Vyolans Domestik Kont fanm

Nan Brezil, vyolans domestik oswa familyal kont fanm yo pini nan fason ki pi sevè apati Lwa Maria da Penha n. 11.340/2006. Lwa sa a pini zak vyolans fizik, sikolojik, seksyèl, patrimonyal ak moral kont fanm yo, endependàmmen de laj yo. Lalwa prevwa tou mekanis pou pwoteksyon fanm ki viktim vyolans domestik ak vyolans familyal, ak posiblite pou jwenn mezi pwoteksyon an ijans epi trase chimen pou sèvis akèy, akonpayman, si sa nesesè. Si w bezwen plis konsèy ak oryantasyon, chèche yon sèvis Asistans Sosyal - CRAS oswa CREAS oswa yon Sèvis Sante).

**Kijan ou aji nan ka vyolans:** si se nesesè, ale nan Sèvis Sante ki pi prè a oswa nan sèvis ijans lopital la epi enfòme, pandan sèvis la, vyolans ke ou sibi a.

Chèche Pòs Polis ki defann Fanm yo oswa Sant Lapolis Jidisyè a pou anrejistre Bilten ensidan an. Rapòte nesesite pou mezi pwoteksyon jan sa revwa nan Iwa Maria da Penha. Jij la ap gen jiska 48 èdtan pou aplike mezi pwoteksyon yo, ki ka pwolonje pou timoun ak depandan fanm nan. Anrejistreman videyo, odyo oswa foto ka ede nan pwosesis pou montre responsabilite moun ki komèt agresyon an. Nan ka ijans rele 153 (Gad Minisipal) oswa 190 (Lapolis Militè).



### Telefòn ki disponib pou sèvis la:

**180:** Central de Atendimento à Mulher (Sant dapèl ki bay fanm Sèvis) (li gràtis pandan 24h pandan jounen an. Sèvis la ede epi konseye fanm ki viktim vyolans)

**190:** Polícia Militar (Polis Militè)

Pou plis enfòmasyon, aksede [www.spm.gov.br](http://www.spm.gov.br)

### DDM (Delegacia da Mulher (Pòs Polis pou Fanm) - Americana

Ri São Vito , 1.675 - Santa Cruz, Americana - SP,  
13477-350.

Orè fonksyònman: Li louvri 24h/24

Telefòn: (19) 3462-1079

## REPATRIYASYON VOLONTÈ

Pou anpil moun ki te oblige kite kay yo, yon retounen volontè, san danje epi ak diyite nan peyi orijin yo make yon pwosesis ki fèt ak siksè nan simonte chòk. Rapatriman volontè se solisyon apwopriye pou refijye sa yo ki deja genyen kondisyon pou retounen an sekirite ak diyite nan peyi orijin yo. Rapatriman volontè toujou anvan nan yon evalyasyon UNHCR sou kondisyon sekirite kote refijye a vle retounen a. Refijye ki enterese retounen nan peyi orijin yo dwe kontakte òganizasyon patnè oswa biwo UNHCR pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi a.

## REENSTALASYON

Reenstalasyon fè pati pwogram solisyon dirab la epi li se yon mekanism ki aplike pou refijye yo ki pa kapab oswa ki pa vle retounen nan peyi orijin yo, men ki twouve yo nan omwen yonn nan sitiyasyon sa yo nan peyi refij la: yo gen bezwen pwoteksyon legal ak fizik ke peyi refij la pa kapab satisfè; pa gen solisyon dirab ak altènativ previzib pou ka a; fanm oswa tifi ki an risk; sivivan vyolans ak/oswa tòti; oswa timoun ak adolesan ki an risk. Nan ka espesifik refijye ki rekonèt nan Brezil, opsyon reenstalasyon an pa disponib. Isit la, pi bon solisyon dirab la se entegrasyon lokal ak, kote sa posib, rapatriman volontè. Sa a se paske refijye yo ki nan Brezil pa gen okenn bezwen espesifik pou pwoteksyon ke Eta Brezil la absoliman enkapab pou satisf, opwen pou jistifye reenstalasyon nan yon peyi tyèmonn. Leta brezilyen an gen devwa pou asire pwoteksyon refijye ki sou teritwa li a e, si sa nesesè, yo dwe kontakte otorite lapolis yo, ministè piblik la ak biwo defansè piblik la.

# KIJAN MWEN KAPAB REKONÈT KRAS KI NAN KATYE MWEN?

Anplis de posibilité ki genyen pou aksede sitwèb Meri kote w abite a, li posib pou w konnen CRAS nan katye w la lè w ale sou sitwèb MOPS ( Kat Stratejik pou Politik Sitwayènte).

<https://aplicacoes.mds.gov.br/sagi/mops/>

Apre ou fin aksede sit la, nan òdinatè a, nan tèt ekran an ou ka chwazi eta a ak minisipalite kote w ap viv la, epi sit la pral otomatikman montre kat jeyografik rejyon ou an.

**MOPS**  
Mapas Estratégicos para Políticas de Cidadania

Selecionar um município

Alterar Local

Entrar

Página Inicial

SERVIÇOS

OPORTUNIDADES

PORTAIS RELACIONADOS

Manuais e Informações adicionais

Sobre o MOPS

Data Explorer

RI Social

CECAD 2.0

Mais Ferramentas

Mapas Estratégicos para Políticas de Cidadania (MOPS) é um portal de acesso livre que reúne e organiza informações sobre a disponibilidade de serviços, equipamentos públicos e programas sociais identificados em municípios, microrregiões e estados no país. É uma ferramenta eficaz para auxiliar gestores e técnicos na orientação da população de baixa renda e no atendimento das demandas por serviços públicos e acesso a direitos, utilizando-se, para isto, de uma tecnologia de georeferenciamento dos equipamentos públicos, aliada ao georeferenciamento do público do Cadastro Único para Programas Sociais.

Aqui é possível visualizar a localização e o contato dos equipamentos da assistência social, entre outros, obter relatórios socioterritoriais com base nas informações do Cadastro Único e do Censo Demográfico, e gerar cartogramas personalizados.

Em caso de dúvidas ou sugestões, fale conosco através do e-mail: [aiad.sagi@mds.gov.br](mailto:aiad.sagi@mds.gov.br).

Acesse o portal da Secretaria de Avaliação e Gestão da Informação - SAGI, para consultar dados e informações de pesquisas, microdados, programas e ações do MDS.

**CRAS Mathiensen**

Ri Pica-Pau, 80 - Jardim dos Lírios  
(19) 3407-2770 - [crasvm@americana.sp.gov.br](mailto:crasvm@americana.sp.gov.br)

**CRAS Praia Azul**

Ri Maranhão Street, 1.595 - Praia Azul  
(19) 3467-2256 - [craspa@americana.sp.gov.br](mailto:craspa@americana.sp.gov.br)

**CRAS Jardim Nossa Senhora Aparecida**

Ri Caetano de Campos, nimewo - Jd. N. Sra. Aparecida  
(19) 3469-2339 - [crasnsa@americana.sp.gov.br](mailto:crasnsa@americana.sp.gov.br)

**CRAS São Jerônimo**

Ri Carlos Vassalo, 370 - São Jerônimo  
(19) 3462-7151 - [crassj@americana.sp.gov.br](mailto:crassj@americana.sp.gov.br)

**CRAS Guanabara**

Ri de Tijuca, 182 - Jardim Guanabara  
(19) 3407-8002 - [crasguanabara@americana.sp.gov.br](mailto:crasguanabara@americana.sp.gov.br)

**CRAS São Manoel**

Ri São Thiago, 320 - São Manoel  
(19) 3468-6103 - [crassmanoel@americana.sp.gov.br](mailto:crassmanoel@americana.sp.gov.br)

**Centro de Referência Especializado de Assistência Social (Sant Referans Espesyalize nan zafé Asistans Sosyal) – CREAS**

Ri Antônio Feliciano Castilho, 594 - Vila Amorim  
(19) 3475-3400 - [creas@americana.sp.gov.br](mailto:creas@americana.sp.gov.br)

# ANOTASYON

# MigraRe

PROGRAMA MUNICIPAL DE ATENÇÃO E PROMOÇÃO AOS DIREITOS  
HUMANOS DE IMIGRANTES, MIGRANTES E REFUGIADOS

(PWOGRAM MINISIPAL KI BAY ATANSYON E  
KI PWOMOUWVA DWAZIMEN IMIGRAN, MIGRAN AK REFIJYE)



Secretaria de  
Assistência Social  
e Direitos Humanos

PREFEKTI AMERICANA: ENTÈLIJAN EPI IMEN  
Sekretarya asistans sosyal ak dwazimen

